

Conjunctivitis

Mesaj ki sòti bò kote Enfimyè NCH Lekòl ou a

Maladi konjonktivite la (zye wouj) lakòz ke genyen plis pase 3 milyon jou lekòl pèdi nan Lekòl Piblik Etazini yo.

Kisa li ye?

Maladi Konjonktivite la se yon tèm medikal yo itilize pou dekri anflamasyon ak iritasyon conjunctiva – ki se yon ti manbran fen ki kouvri anba po zye ou ak pati blan zye a. Maladi konjonktivite la kapab yon maladi viral, bakteryal, oubyen li kapab se alèji ki bay li. “Zye wouj” se mo ki pi komen yo itilize lè yo ap pale de malady a.

Kijan ou kapab atrape maladi zye wouj la?

Li kapab kontajye anpil. Timoun pi siseptib pou atrape li paske yo an kontak sere ak lòt timoun parèy yo souvan. Kèk fason ki pi komen pou gen kontajyon ak maladi zye wouj la se:

- Re-itilize sèvyèt oubyen mouchwa ou sèvi pou siye vizaj ou oswa zye ou
- Lè ou pa lave men ou
- Lè ou ap touche zye ou tout tan
- Lè ou itilize ansyen pwodwi kosmetik ak/oubyen pataje yo avèk lòt moun
- Si ou pa netwaye vè kontak ou byen

Kijan ou kapab prevni li?

Pratike bon jan ijyèn. Si yo jwenn yon timoun enfekte avèk maladi konjonktivite, veye pou ke ou fè bagay sa yo pou anpeche li pwopaje:

- Ankouraje timoun yo lave men yo souvan
- Avize yo evite touche zye yo
- Itilize sèvyèt separe, twal, mouchwa, ak papyè pou lave zye ak figi yo. Chanje chak jou.
- Chanje sak zorye yo frekaman

Tretman:

Si sentòm nan pèsiste tanpri ale konsilte doktè ou san pèdi tan. Yo kapab preskri ou krèm antibyotik oubyen gout zye. Elèv yo sipoze retounen lekòl 24è aprè ke yo kòmanse tretman pou enfeksyon konjonktivite la. Nou vle pou pitit ou retounen lekòl e pou pare pou etidye.